



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 30 MILYON DOLA POU ELAJI PWOGRAM GADRI
NAN ZÒN DEFAVORIZE NEW YORK YO**

***Finansman federal pou elaji 418 pwogram gadri ki egziste ki sitiye nan kominote
yo ki pa gen ase kapasite***

***Prim yo fè pati angajman 100 milyon dola Gouvènè Hochul pou redui pwoblèm
dezè gadri a nan tout eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay prèske 30 milyon dola pou ede ogmante kapasite gadri nan plis pase 400 pwogram gadri ki lisansye, anrejistre oswa otorize nan eta a ki sitiye nan zòn defavorize yo nan Eta a. Finansman federal la ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la administre, finansman federal la fè pati inisyativ 100 milyon dola Gouvènè Hochul pou ede ogmante kapasite pwogram ki nan dezè gadri - zòn nan eta a kote pa gen ase kapasite pou reponn ak bezwen ki egziste.

"Okenn Nouyòkè pa ta dwe janm soufri konsekans pwofon ak dechiran pwogram gadri ki pa abòdab epi ki pa aksesib yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Dènye prim sa yo pral ede Nouyòkè yo jwenn aksè nan bon jan kalite pwogram gadri yo bezwen pou bay fanmi yo epi bati karyè yo. Administrasyon mwen an ap kontinye fè investisman enpòtan nan gadri, k ap asire fanmi k ap travay ak popilasyon vilnerab yo resevwa sipò ak asistans yo merite".

Prim, ki disponib gras a Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARPA) an, pou 418 founisè gadri ki egziste nan zòn ki pa defavorize pral ede yo bati pwogram yo; rekrute, fòme ak kenbe travayè yo; epi sipòte anplwaye yo nan jwenn aksè nan vaksen COVID-19. An jiyè, Gouvènè Hochul te anonse plis pase 68 milyon dola pou ede etabli 344 nouvo pwogram gadri nan zòn yo nan eta a ki konsidere kòm dezè gadri.

Dezè gadri yo se zòn nan yon konte kote gen twa oswa plis timoun ki gen mwens pase senk ane pou chak espas gadri disponib oswa pa gen okenn espas gadri disponib. Apeprè 60 pousan nan Eta New York konsidere kòm yon [dezè gadri](#) sou baz kritè sa a.

Prim finansman yo gen ladan:

Rejyon	Sibvansyon Total	Kantite Benefisyè
Capital Region	\$ 1,719,000	38
Central NY	\$ 1,349,000	24
Finger Lakes	\$ 2,605,000	50
Mohawk Valley	\$ 644,000	10
North Country	\$ 779,500	18
Southern Tier	\$ 620,500	12
Western NY	\$ 4,186,000	53
Long Island	\$ 1,974,000	17
Mid-Hudson	\$ 2,920,500	26
New York City	\$ 12,688,500	170
Total	\$ 29,486,000	418

Dènnye faz finansman pou lite kont dezè gadri yo konplete angajman san parèy 7 milya dola sou kat ane Gouvènè Hochul la pou elaji aksè nan gadri bon kalite pou sipòte timoun ak fanmi yo epi ede estimile rekiperasyon ekonomik kontinyèl Eta New York. Angajman sa, ki adopte nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a, gen ladan limit revni elijibilite pou sibvansyon gadri k ap ogmante a nan 300 pousan nivo federal povrete a - 83,250 dola pou yon fanmi ki gen kat moun - sa ki elaji elijibilite pou anviwon 394,000 jèn timoun nan Eta a.

Ane sa a, Gouvènè Hochul te bay yon investisman istorik 2 milya dola pou ogmante kantite fanmi ki elijib pou asistans gadri epi pou asire founisè gadri yo byen finanse pou sèvis esansyèl yo. Investisman sa a gen ladan 894 milyon dola nan nouvo finansman Sibvansyon Global Gadri Eta New York, ki te adopte nan Bidjè Eta resan an; plis pase 500 milyon dola nan fon ki pa te depanse te distribiye anvan sa bay depatman sèvis sosyal yo; ak plis pase 600 milyon dola nan finansman pou pandemi COVID-19 ki egziste.

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la, Sheila Poole, te deklare, "Finansman sa rekonèt gwo mank ki genyen pou gadri ti bebe ak timoun piti epi mank gadri ki disponib nan zòn riral yo. Li difisil pou ale travay lè ou pa ka jwenn pèsonn pou pran swen pitit ou a, sa ki kapab tou kontribye nan mank travay. Eksperyans gadri pou timoun piti yo ka fòme timoun yo pou tout rès lavi yo. OCFS angaje pou l sipòte kreyasyon pwogram gadri adisyonèl kote fanmi yo bezwen yo plis ak pou fanmi ki gen bezwen espesyal yo".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Pou anpil fanmi k ap travay, gadri abòdab pa aksesib pou yo, epi pandemi an te vin agrave li, sa ki te fè li pi difisil pou retounen nan travay. Se poutèt sa mwen te adopte Plan Sekou Ameriken an avèk finansman solid pou timoun. Kounye a, 30 milyon dola nan finansman federal ke mwen te sekirize a prale dirèkteman pou elimine dezè gadri a, kreye travay ki peye byen ak bay èd toutbon pou paran ak timoun ki gen difikilte yo".

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mank kontinyèl gadri ki pa abòdab nan eta nou an se yon kriz. Nou dwe fè plis pou sipòte fanmi nou yo ak pwofesyonèl nan gadri nou yo. Se poutèt sa mwen fyè dèske mwen te goumen pou adopte Plan Sekou Ameriken an, lejislasyon ki kounye a ap bay prèske 30 milyon dola nan finansman federal pou founisè gadri New York yo. Finansman an pral ede paran atravè eta nou an retounen travay ak lide ke pitit yo nan bon men pandan l ap bay travayè gadri yo resous yo bezwen pou yo reyisi. Mwen pral kontinye travay ak Gouvènè Hochul pou asire tout fanmi New York yo gen sipò yo bezwen pou yo pwospere".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418